**Қарақалпақстан Республикасы бойынша**
**орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы**
*(2020-жылдың январь-декабрь айлары жағдайына)*

**Орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы.** 2020 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы 2383,4 мың сумды курады,

Бунда ис-ҳақыға үстеме, сыйлықлаў, хошаметлеў, түриндеги төлемлер, компенсация ҳәм ислемеген ўақыт ушын хақ төлеўлер киритилген, сондай-ақ оның курамында физикалық шахслардың дәрамат салығы, социаллық қамсызландырыў ҳәм кәсиплик аўқамына төлемлер де бар.

2020 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық ис ҳақының ең жоқары муғдары Нөкис қаласында 3034,5 мың сумды, (Республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 127,3 %) Қоңырат районында 2889,6 мың сумды (121,2 %), ҳәм Тақыятас районында 2436,8 мың сумды (102,2 %) қурады.

**Юридикалық шахсларда ислеўшилер саны ҳәм мийнетке ҳақы төлеў тәрзинде есапланған дәрамат**
*(2020 жылдың январь-декабрь айларында аўыл, хожалығы кәрханалары ҳәмде киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары)*

| | Ислеўшилер саны, адам | Мийнетке ҳақы төлеў тәрзинде есапланған дәрамат, млн.сум | Орташа айлық ис ҳақы, мың сум |
|---|---|---|---|
| **Республика бойынша жәми** | **148 366** | **4 243 473,3** | **2 383,4** |
| соннан : | | | |
| Санаат | 14 272 | 637 438,0 | 3 722,0 |
| Қурылыс | 2 231 | 64 698,6 | 2 416,7 |
| Саўда | 1 929 | 56 198,1 | 2 427,8 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 8 301 | 356 548,1 | 3 579,4 |
| Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 81 | 2 908,7 | 2 992,4 |
| Мәлимлеме ҳәм байланыс | 1 172 | 34 274,6 | 2 437,0 |
| Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлдәлшылық | 2 933 | 184 656,9 | 5 246,5 |
| Билимлендириў | 68 125 | 1 569 672,2 | 1 920,1 |
| Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў | 25 193 | 609 301,1 | 2 015,4 |
| Мәдeнният, кеўил ашыў ҳәм дем алыў | 2 413 | 50 911,3 | 1 758,2 |
| Басқа хызмет түрлери | 21 716 | 605 730,5 | 2 324,4 |

**Орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы**

*(2020 жылдың январь-декабрь айларында аўыл хожалығы кәрханалары ҳәмде киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары, мың сум)*




Республика бойынша орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы 2383,4 мың сумды қурап, өткен жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда 10,0 % ке өскен.

Орташа ис-ҳақының жоқары көлеми экономикалық хызмет түрлеринен банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлдәлшылықта 5246,5 мың сум (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақысына салыстырғанда 2,2 мәртеге жоқары), Санаат тараўында 3722,0 мың сум (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақысына салыстырғанда 56,2 % ке жоқары), Тасыў ҳәм сақлаў тараўында 3579,4 мың сум (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 50,2 % ке жоқары) Мәлимлеме ҳәм байланыс тараўында 2437,0 мың сум (Республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 2,2 % ке жоқары), екенлиги гүзетилди.





**Қарақалпақстан Республикасы бойынша**
**орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020 жылдың январь-декабрь айларында аўыл, хожалығы ҳәм киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары, мың сум)*

| | *2019-жыл* | *2020-жыл* | *Өсиў пәти, % те* |
|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикаси** | **2165,9** | **2383,4** | **110,0** |
| Нөкис қ. | 2738,0 | 3034,5 | 110,8 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 1687,6 | 1794,7 | 106,3 |
| Беруний | 1687,6 | 1764,9 | 104,6 |
| Бозатаў | 2549,4 | 1818,3 | 71,3 |
| Қанлыкөл | 2000,8 | 1825,2 | 91,2 |
| Қараөзек | 1642,1 | 1841,9 | 112,2 |
| Кегейли | 1886,5 | 1996,8 | 105,8 |
| Қоңырат | 2420,3 | 2889,6 | 119,4 |
| Мойнақ | 1632,8 | 1835,2 | 112,4 |
| Нөкис | 1867,4 | 2319,9 | 124,2 |
| Тақыятас | 2074,9 | 2436,8 | 117,4 |
| Тахтакөпир | 1793,9 | 1790,5 | 99,8 |
| Төрткүл | 1814,3 | 1919,5 | 105,8 |
| Хожели | 1949,1 | 2075,9 | 106,5 |
| Шымбай | 1763,2 | 2007,8 | 113,9 |
| Шоманай | 1703,1 | 1958,0 | 115,0 |
| Елликқала | 1832,1 | 2009,8 | 109,7 |

**Ис ҳақы**. 2020-жылдың январь-декабрь айларында экономикалық хызмет түрлери бойынша ис ҳақы анализи төмендегилерди көрсетпекте.

**Билимлендириў тараўында** 1398 шөлкемде 68125 (жәми хызметкерлерге салыстырғандағы үлеси 45,9 %) хызметкер ислеген болып оларға есапланған ис ҳақы фонды 1569,7 млрд. сумды (жәми ис хакы фондындағы үлеси 37,0 % ) құраған. Усы тараўда ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы 1920,1 мың сумды қураған болып, 2019-жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда 5,4 % ке өскен.

**Билимлендириў тараўы бойынша**
**орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-жылдың январь-декабрь айларында киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары)*

**Жоқары оқыў орынларында**
**4044,3 мың сум**

**Орта арнаўлы кәсип-онер билимлендириўде**
**1618,3 мың сум**

**Жәми**
**1920,1 мың сум**

**Улыўма орта билим бериў**
**2042,2 мың сум**

**Мектепке шекемги билимлендириў**
**1154,1 мың сум**





**Санаат** тараўында ҳәрекеттеги **35** кәрханада **14272** (жәми ислеўшилерге салыстырғанда үлеси 9,6 %) хызметкер ислеген болып, оларға есапланған ис ҳақы фонды **637,4** млрд. сумды (жәми ис-ҳақы фондындағы үлеси 15,3 %) қурады. Санаат тараўында ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы **3722,0** мың сумди қураған болып, 2019-жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда 4,0 % ке өсти.

**Санаат тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-жылдың январ-декабрь айларында киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары мың сум)*




Усы тараўдағы орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы көрсеткишлерин республика аймақлары бойынша алып қарасақ, яғный орташа айлық ис ҳақының жоқары муғдары Нөкис қаласында 8019,0 мың сумды (Республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 2,2 есеге жоқары) ҳәм Тақыятас районында 3886,0 мың сумды (104,4 %), қураған болса, Кегейли районында 1420,9 мың сумды (38,2 %), Қанлыкөл районында 1490,6 мың сумды (40,0 %), Шымбай районында 1527,9 мың сумды (41,1 %) ҳәм Хожели районында 1558,9 мың сумды (41,9 %) қурап, басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға йие болмақта.



**Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў** тараўында 80 шөлкемде 25193 (жәми ислеўшилерге салыстырғанда үлеси 17,0 %) ислеўшилер болып, оларға есапланған ис-ҳақы фонды 609,3 млрд. сумды (жәми ис-ҳақы фондындағы үлеси 14,4 %) қураған. Усы тараўда ислеўшилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 2015,4 мың сумды қураған болса, 2019-жылдың усы дәўрине салыстырғанда 18,6 % ке өсти.

**Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**
*(2020-жылдың январь-декабрь айларында киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары мың сумда)*




Усы тараўдағы орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы көрсеткишлери Республика аймақлары бойынша алып қарайтуғын болсақ, орташа айлық ис-ҳақының жоқары муғдары Шымбай районында 2618,3 мың сумды (Республикадағы орташа айлық ис ҳақына салыстырғанда 129,9 %), Тахтакөпир районында 2507,1 мың сумды (124,4 %), Хожели районында 2119,4 мың сумды (105,2 %) ҳәм Нөкис қаласында 2052,7 мың сумды (101,8 %) қураған болса, Тақыятас районында 1712,5 мың сумды (85,0 %), Қоңырат районында 1814,6 мың сумды (90,0 %) ҳәм Бозатаў районында 1866,7 мың сумды (92,6 %) қурады, басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға ийе болмақта.



**Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлдәлшылық тараўы** экономикалық тараў түринде 78 шөлкемде 2933 (жәми ислеўшилерге салыстырғанда үлеси 2,0 %) ислеўши ислеген болып, оларға есапланған ис ҳақы фонды 184,7 млрд. сумды (жәми ис-ҳақы фондыдағы үлеси 4,4 % ти) қураған. Усы тараўда ислеушилерге есапланған орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 5246,5 мың сумды қурады, 2019-жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда 29,2 % ке өсти.

**Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлдәлшылық тараўы бойынша орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы**

*(2020 жылдың январь-декабрь айларында киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары, мың сумда)*




Усы тараўда орташа айлық номинал есапланған ис ҳақы көрсеткишлерин республика аймақлары бойынша Қарақалпақстанды қарайтуғын болсақ орташа айлық ис-ҳақының жоқары муғдары Нөкис қаласында 5958,6 мың сумды (Республикадағы орташа айлық ис- ҳақына салыстырғанда 113,6 %), ҳәм Қоңырат районында 5334,4 мың сумды (101,7 %) қураған болса Нөкис районында 4051,9 мың сумды (77,2 %), Елликқала районында 4393,9 мың сумды (83,7 %) ҳәм Төрткүл районында 4415,4 мың сумды (84,2 %), қураған болып, басқа аймақларға салыстырғанда кем муғдарға ийе болмақта.

**Орташа айлық номинал есапланған ис ҳақының өткен жылдың сайкес дәўрине салыстырғанда өсим пәти**

*(2020-жылдың январь-декабрь айларында аўыл хожалығы ҳәм киши исбилерменлик субъектлеринен тысқары % те)*




***мын сумда***

**Санаат**
**3722,0**

**Қурылыс**
**2416,7**

**Саўда**
**2427,8**

**Тасыў ҳәм сақлаў**
**3579,4**

**Мәлимлеме ҳәм байланыс**
**2437,0**

**Банк, қамсызландырыў, лизинг, кредит ҳәм дәлдәлшылық**
**5246,4**

**Билимлендириў**
**1920,1**

**Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў**
**2015,4**

**Мәдений, кеўил ашыў ҳәм дем алыў**
**1758,2**

**Басқа экономикалық хызмет түрлери**
**2324,4**